WIKIPÉDIA

Basa Sangsekerta

Basa Sangsekerta (*saṃskṛtam* , asliné संस्कृता वाक् saṃskṛtā vāk, "basa rinengga") iku basa Indo-Éropah kang lawas dhéwé lan isih disinaoni. Sejarahé kalebu kang dawa dhéwé, tèks tuwa dhéwé ing basa iki, *Rgwéda* dianggit ing watara taun 1500 SM.[4] Basa Indo-Éropah liyané kang bisa nandhingi 'umuré' basa iki saka kulawarga basa Indo-Éropah namung basa Hitit.[5] Basa Sangsekerta iku basa suci utama agama Hindhu lan Buda.[6] Saiki basa iki kalebu salah siji saka 22 basa resmi ing India. Banjur ing praja Uttarakhand.

basa Sangsekerta Klasik iku basa kang wis dibakokaké déning Pāṇini, ing layang paramasastrané ing watara abad kaping 4 SM. Posisi basa iki ing anak bawana India lan Asia Kidul Wétan mèmper karo posisi basa Latin lan Yunani ing Éropah minangka basa Klasik. Basa Sangsekerta ndarbèni pangaribawa kang gedhé marang sapérangan gedhé basa ing anak bawana India lan uga ing Asia Kidul Wétan.

Basa Sangsekerta saka mangsa pra-klasik diarani basa Sangsekerta Wéda. Basa iki kang dienggo ngripta *Rgwéda* lan mbokmanawa wis dienggo wiwit taun 1500 SM.

Sangsekerta

saṃskṛtam



Tembung *saṃskṛtam* ditulis nganggo aksara Déwanagari lan aksara Jawa.

Pangucapan	[səmskɽt̪əm]
Laladan	India Agung
Mangsa	milénium angka 2-an SM – 600 SM (basa Sangsekerta Wéda), sabubaré iku kulawarga basa Indo-Arya Tengahan tuwuh. Ajeg dianggo minangka basa sembahyangan (basa Sangsekerta Klasik).
Révitalisasi	Ana upaya révitalisasi. Sing ngaku dadi panyaturé ana wong 14.346 (sénsus 2001)[1]
Kulawarga basa	Indo-Éropah ▪ Indo-Iran ▪ Indo-Arya ▪ **Sangsekerta**
Rupa purwa	Sangsekerta Wéda ▪ **Sangsekerta**
Aksara	Tanpa aksara asli. Ditulis nganggo manéka aksara saka kulawarga Brahmi.[2]
Status resmi	
Basa resmi ing	India
Kodhe basa	
ISO 639-1	`sa`
ISO 639-2	`san`
ISO 639-3	`san`
Glottolog	`sans1269 (http://glottolog.or`

Isi

Jeneng

Sajarah
- Basa Wéda
- Basa Sangsekerta Klasik
- Suruté Basa Sangsekerta ing India

Pangaribawa basa Sangsekerta ing basa Jawa

Fonologi
- Vokal
- Konsonan
- Paugeran sandhi

Sistém panulisan

Paramasastra
- Tembung aran
  - Kasus
- Tembung kriya
- Tembung camboran

Cathetan suku lan référènsi

Pratélan pustaka

Uga delengen

Pranala njaba

g/resource/languoid/id/sans1269)[3]

Jeneng

Tembung Sangsekerta, ing basa Sangsekerta *Saṃskrtabhāsa* tegesé basa kang sampurna. Tembung kriya sipat *sáṃskṛta-* bisa dipertal minangka "rinoncé, ginawé, diwangun kanthi jangkep, alus, apik, éndah". Tembung iki turunan saka tembung *wod saṃ-skar-* "ndokok bareng, ngripta, nyepakaké, nyiapaké, nyedyakaké" [7] kamangka *saṃ-* tegesé "bareng, padha" (kaya ing basa Jawa *sami*) lan *(s)kar-* "makarya, nggawé".

Tembung iki kanthi umum tegesé "digawé rampung, paripurna, bubar" lan bisa tinemu ing Rgwéda. Banjur ing basa Wéda minangka tembung aran nétral *saṃskṛtám*, iku tegesé uga "préparasi, papan kang disiapaké" lan dadi "papan ritus kang katutup, papan kurban".

Minangka tembung kanggo "basa agung" utawa "basa rinengga", tembung sifaté namung muncul ing basa Sangsekerta Wiracarita lan Klasik, kaya ta ing Manusmrti lan *Mahabharata*. Basa kang dirujuk minangka *saṃskṛta* utawa "basa budaya" tegesé mesthi basa "suci" lan "adiluhung" lan namung ditrapaké kanggo kaperlon agama lan diskusi ngèlmiah ing India Kuna. Karepé, tandhingané basa prākṛta-, utawa basané wong cilik kang ora tau sinau.

Sajarah

Basa Sangsekerta iku anggota saka sub-rumpun Indo-Iran saka kulawarga basa Indo-Éropah. Kerabate kang cedhak dhéwé iku basa-basa Iran: basa Pèrsi Kuna lan basa *Avesta*. Sajeroning kulawarga basa Indo-Éropah kang luwih amba, basa Sangsekerta raket karo basa-basa Satem, mligi basa Slavik, Baltik saha Yunani.

Basa Wéda

basa Sangsekerta kaya déné kang direkam déning Panini, iku tumuwuh saka basa Wéda. Wiwitané basa Wéda iku ing watara taun 1500-1200 SM. Basa Wéda iku basa kang kanggo nganggit Rgwéda. Para ngèlmuwan lumrahé mbédakaké basa Wéda saka basa Sangskerta Klasik utawa "basa Panini". Loro-loroné dianggep dhialèk kang séjé. Sanadyan lorone mèmper, nanging ana sawatara prabédané ngenani fonologi, kosakata, paramasastra lan sintaksis.

Mangsa Weda iki miturut para nimpuna dipungkasi nalika kitab Upanisad kaanggit.[8] Ing watara taun 1000 SM, basa Wéda wis ngalami transisi saka basa ibu dadi basa kapindho.

Basa Sangsekerta Klasik

Kanggo mèh 2000 taun, ana sawijining tlatah kabudayan tunggal ing Asia Kidul, Tengah, Kidul Wétan lan uga Asia Wétan kang nampa pangaribawané basa Sangsekerta.[9] Korpus basa Sangsekerta Pasca-Wéda kang gedhé mligi bisa tinemu ing wiracarita misuwur Hindhu; *Ramayana* lan *Mahabharata*. Sanadyan mangkono, ing pustaangka pustaka iki uga ana wangun-wangun basa kang séjé saka paramasastrané Panini. Nanging iki dudu déné unsur-unsur pra-Panini. Wangun-wangun iku bisa diarani "inovasi" utawa prabawa saka basa Prakreta.[10]

Suruté Basa Sangsekerta ing India

Ana sawatara studi sosiolinguistik prakara basa Sangsekerta lésan kang mènèhi kesan manawa basa iki olèhé dienggo kanthi lésan iku cupet lan panuwuhané wis mandeg jaman biyèn.[11]



Pertalan Alkitab ing basa Sangsekerta mawa Aksara Grantha saka abab kaping 19

Pangaribawa basa Sangsekerta ing basa Jawa

Uga delengen: Pratélan tembung silihan saka basa Sangsekerta ing basa Jawa

basa Sangsekerta ing kala mbiyèn kanggo nulis sadurungé basa Jawa dienggo. Mula saiki akèh banget tetembungan saka basa Sangsekerta kang kalebu ing kosakata dhasar basa Jawa. Tetembunganè iki kaya ta: *utawa*, *jala*, *yuswa*, *kunci*, *griya*, *sirah* lan sabanjuré.[12] Ing basa Jawa Kuna, tetembungan Sangsekerta luwih akèh manèh, miturut Profésor Piet Zoetmulder, kurang luwih saparo saka 25.500 èntri ing bausastra Jawa Kunané, iku asalé saka basa Sangsekerta.[13]

Fonologi

basa Sangsekerta mbédakaké 48 foném.[14] Ana 13 foném vokal lan ana 36 foném konsonan.[14] Vokal iku diarani *svarāḥ* lan konsonan diarani *Sparśāḥ*.[15]

> *Svarāḥ*
> a ā i ī u ū ṛ ṝ ḷ ḹ
> e ai o au[15]

> *Sparśāḥ*
> k kh g gh ṅ; c ch j jh ñ; ṭ ṭh ḍ ḍh ṇ; t th d dh n; p ph b bh m
> y r l v
> ś ṣ s h
> ṃ ḥ[15]

Vokal

Ing basa Sangsekerta ana vokal tunggal, *a, ā, i, ī, u, ū, ṛ, ḷ* lan vokal dobel: *e, ai, o, au*.[15] Saliyané iku, *ṝ* lan *ḹ* sok-sokan uga ditambahaké.[16][17]

Miturut Haryati Soebadio, vokal ing basa Sangsekerta diucapaké mèmper ing basa Indonésia.[18] Sing kudu digatèkaké iku vokal-vokal dawa ā, ī lan ū kang kudu didawakaké pocapané mawa tutuk kang luwih kabuka sithik.[18] Banjur ṛ lan ḷ diucapaké *er* lan *el*, kaya ing tembung Indonésia ***ber**main* lan ***pel**bagai*.[18] Ing tradisi Jawa *ṛ* lumrahé dianggep dadi *re*.[19] Miturut Monier-Williams, *ṛ* (Déwanagari ऋ) diucapaké kaya ing tembung Inggris *mer**ri**ly*.[17] Kamangka *ṝ* (Déwanagari ॠ) pocapané mèmper tembung Inggris *ma**ri**ne*.[17] Banjur *ḷ* (Déwanagari ऌ) miturut Monier-Williams kudu diucapaké kaya *reve**lry***.[17] Manawa *ḹ* (Déwanagari ॡ) pocapané mèmper sadurungé iki nanging didawakaké uniné.[17]

Konsonan

Ing ngisor iki kapacak konsonan-konsonan basa Sangsekerta mawa pocapané ing aksara IPA.[20]

<table>
<tr><th colspan="2"></th><th colspan="2">Lambé
Ōshtya</th><th>Lambé
untu
Dantōshtya</th><th colspan="2">Untu
Dantya</th><th colspan="2">Rétroflèks
Mūrdhanya</th><th colspan="2">Palatal
Tālavya</th><th colspan="2">Velar
Kanthya</th><th colspan="2">Glotal</th></tr>
<tr><th rowspan="2">Letupan
Sparśa</th><th>Tanpa
aspirasi
Alpaprāna</th><td>p
[p]</td><td>b
[b]</td><td></td><td>t [t̪]</td><td>d
[d̪]</td><td>ṭ
[ʈ]</td><td>ḍ [ɖ]</td><td>c
[c͡ɕ]</td><td>j [d͡ʑ]</td><td>k
[k]</td><td>g
[g]</td><td colspan="2"></td></tr>
<tr><th>Karo
aspirasi
Mahāprāna</th><td>ph
[pʰ]</td><td>bh
[bʱ]</td><td></td><td>th
[t̪ʰ]</td><td>dh
[d̪ʱ]</td><td>ṭh
[ʈʰ]</td><td>ḍh
[ɖʱ]</td><td>ch
[c͡ɕʰ]</td><td>jh
[d͡ʑʱ]</td><td>kh
[kʰ]</td><td>gh
[gʱ]</td><td colspan="2"></td></tr>
<tr><th colspan="2">Nasal
Anunāsika</th><td colspan="2">m [m]</td><td></td><td colspan="2">n [n̪]</td><td colspan="2">ṇ [ɳ]</td><td colspan="2">ñ [ɲ]</td><td colspan="2">ṅ [ŋ] ṃ [~]</td><td colspan="2"></td></tr>
<tr><th colspan="2">Sémivokal
Antastha</th><td colspan="2"></td><td>v [ʋ]</td><td colspan="2"></td><td colspan="2"></td><td colspan="2">y [j]</td><td colspan="2"></td><td colspan="2"></td></tr>
<tr><th colspan="2">Likwida
Drava</th><td colspan="2"></td><td></td><td colspan="2">l [l]</td><td colspan="2">r [r]</td><td colspan="2"></td><td colspan="2"></td><td colspan="2"></td></tr>
<tr><th colspan="2">Swara desis
Ūshman</th><td colspan="2"></td><td></td><td colspan="2">s [s̪]</td><td colspan="2">ṣ [ʂ]</td><td colspan="2">ś [ɕ]</td><td colspan="2"></td><td>ḥ
[h]</td><td>h
[ɦ]</td></tr>
</table>

Pocapan konsonan Sangsekerta ora béda karo basa Jawa, mligi konsonan rétroflèks ṭ ([ʈ]) lan ḍ ([ɖ]).[18] Sing kudu digatèkaké ya iku manawa aspira h ing konsonan kh, gh lan sapanjuré kudu diunèkaké.[18] Banjur vokal nasal ṅ lan ṃ (*anusvāra*) pocapané mèmper 'ng'.[18]

Paugeran sandhi

Artikel utama: Paugeran sandhi ing basa Sangsekerta

basa Sangsekerta ndarbèni sistém fonologi kang njlimet ngenani *sandhi* utawa panyambungan antar foném. Ing basa Sangsekerta sistém iki dibakokaké lan akèh aturané.

Tuladha:

- a + u → o (*ca uktam-> c**o**ktam* "lan kacelathu")[21]
- o + i → avi
- t + j → jj (*tat janma-> ta**j** janma* "kalairan iki")[22]

Minangka tuladha, ana wiwitan saka Carita Nala ing *Mahabharata* uniné:

> āsīd rājā nalo nāma vīrasenasuto balī
> upapanno guṇair iṣṭai rūpavān aśvakovidaḥ[23]
>
> (Jarwa: 'Biyèn ana ratu asmané Nala, digdaya putra Wiraséna; asifat rahayu, bagus tur baud ing ngèlmu katuranggan')

Tanpa sandhi tulisané bakal mengkéné:

> āsī**t** rājā nal**aḥ** nāma vīrasenasut**aḥ** balī
> upapann**aḥ** guṇai**ḥ** iṣṭai**ḥ** rūpavān aśvakovidaḥ

Sistém panulisan

Mula-mulané basa Sangsekerta iku ora ditulis nanging namung diapalaké waé kanthi lésan. Tèks katulis kapisan ing kulawarga basa Indo-Arya malah dudu basa Sangsekerta nanging basa Prakreta kang bisa dianggep turunane basa Sangsekerta. Nalika iki kalaksanan, pilihan aksarane gumantung saka aksara kang dienggo déning juru tulisé. Meh kabèh jinis aksara saka Asia Kidul naté dienggo nulisaké basa Sangsekerta. Ing India, aksara Dewanagari saya akèh

dienggo nulisaké basa Sangsekerta wiwit abad kaping 19. Bangsa Éropah nganggo aksara Dewanagari lan Latin kanggo nyithak basa Sangsekerta.

Tulisan tuwa dhéwé ing India kang dienggo basa Indo-Arya iku diarani aksara Brahmi. Tulisan iki kang kapisan dienggo nulisaké basa Sangsekerta ing abad 1 SM.[24] Nalika basa Sangsekerta ditulisaké, mligi basa kanggo nulis tèks-tèks administrasi, susastra utawa ngèlmiah. Tèks-tèks suci namung dilestarèkaké kanthi lésan lan nalika ditulis namung kanthi "gelem ora-ora" (miturut salah sawijining komentator) lan nalika ditulis uga wis kalebu jaman mutakir.

Banjur suwé-suwé aksara Brahmi iki dadi tulisan kang séjé-séjé lan akèh ing antarané kang dienggo nulisaké basa Sangsekerta. Kira-kira sajaman karo aksara Brahmi, aksara Kharosthi dienggo ing tlatah lor kulon India. Banjur ing watara abad kaping 4 nganti abad kaping 8 Masehi, aksara Gupta minangka turunané aksara Brahmi dadi umum dienggo. Saka abad kaping 8 Masehi, aksara Gupta nurunaké aksara Sarada. Aksara Sarada banjur diganti déning aksara Déwanagari wiwit abad kaping 11 nganti 12 mawa tahap-tahap antara kaya ta aksara Siddham.



Mugi Bathara Siwa ngreksa sadaya siswa basaning para Jawata (ukara Sangsekerta déning Kalidasa), ing sawetara aksara turunan Brahmi.

Ing India sisih wétan, aksara Bengali lan sawisé iku aksara Oriya dienggo. Banjur ing India sisih kidul, papané basa-basa Drawida dicaturaké, aksara Pallawa lan turunané akèh dienggo nulisaké. Aksara Pallawa iki uga kang bakal nurunake kabèh aksara Nuswantara.

Tulisan ing prasasti Sangsekerta kapisan saka Nuswantara, asalé saka Pulo Kalimantan lan asalé saka sakiwa tengené abad kaping 4, prasasti iki awujud *yupa* lan kang yasa ya iku Prabu Mulawarman.

Paramasastra

Minangka sawijining basa Indo-Éropah, basa Sangsekerta iku kagolong basa flèksi mèmper basa Latin utawa basa Jerman. Nanging béda karo basa Latin, morfologiné luwih amba. Akèh fungsi-fungsi sajeroning ukara dituduhaké mawa sufiks utawa imbuhan akir (contoné panggonan, arah, asal, pasif, kapénginan, larangan lan sapanjuré).

Amerga basa Sangskerta iku kagolong basa flèksi, mula urutan tetembungan sajeroning ukara bisa bébas.[25] Sanadyan mangkono urutan kang lumrah ya iku urutan SOV.[26]

Tembung aran

Basa Sangsekerta minangka basa flèksi, nrapaké déklinasi marang tembung aran, tembung sipat, tembung ganti lan tembung sipat-pronominal. Déklinasi dilakokake miturut:

1. Telung jinis kelamin[27]

1. Maskulin
2. Féminim
3. Nétral

2. Telung modus cacah[27]

1. Singularis utawa tunggal
2. Pluralis utawa jamak
3. Dualis utawa dobel

3. Wolung kasus

kasus nominatif, kasus vokatif, kasus akusatif, kasus instrumèntalis, kasus datif, kasus ablatif, kasus génitif lan kasus lokatif[27]

Para nimpuna saka Donya Kulon mbédakaké 8 kasus ing basa Sangsekerta, nanging Pāṇini namung mbédakaké 6 *karaka* kang cocog karo kasus nominatif, akusatif, datif, instrumèntalis, vokatif, lokatif, lan ablatif.[28] Déning Pāṇini kasus-kasus iki dipérang kaya mengkéné (Aṣṭadhyayi, I.4.24–54):

1. *Apadana*
2. *Sampradana*
3. *Karana*
4. *Adhikarana*
5. *Karman*
6. *Karta*

Kasus

Kanggo nandhani status saben tembung sajeroning ukara, mula kasus dipigunakaké, kasus iki ditandhani mawa imbuhan ing pungkasané tembung.[29]

Ing ngisor iki minangka tuladha kapacak paradigma kasus satunggaling tembung singular *deva* (Déwa, Gusti utawa Raja). Tembung iki tembung kelamin maskulin lan ndarbèni pokok akir-a[30]:

	Tunggal	Dualis	Jamak	Jarwa
Nominatif (***Kartā***)	deva-s	dev-au	dev-ā-s	**T**: "Déwa" **D**: "Déwa loro" **J**: "Para Déwa"
Vokatif	(he) deva	(he) dev-au	(he) dev-ās	**T**: "Hé Déwa" **D**: "Hé Déwa loro" **J**: "Hé Para Déwa"
Akusatif (***Karman***)	deva-m	dev-au	dev-ā-n	**T**: "marang Déwa" lan sabanjuré **D**: "marang Déwa loro" lan sabanjuré **J**: "marang Para Déwa" lan sabanjuré
Instrumèntalis (***Karaṇa***)	dev-ena	deva-bhyām	deva-bhis	**T**: "karo Déwa" lan sabanjuré **D**: "karo Déwa loro" lan sabanjuré **J**: "karo Para Déwa" lan sabanjuré
Datif (***Sampradāna***)	dev-āya	deva-bhyām	dev-e-bhyas	**T**:"Kanggé Déwa" **D**: "Kanggé Déwa loro" **J**: "Kanggé Para Déwa"
Ablatif (***Apādāna***)	dev-āt	deva-bhyām	dev-e-bhyas	**T**:"saka Déwa" **D**: "saka Déwa loro" **J**: "saka Para Déwa"
Génitif (***Sambandha***)	deva-sya	deva-y-os	dev-ām	**T**: "gadhah Déwa" **D**: "gadhah Déwa loro" **J**: "gadhah Para Déwa"
Lokatif (***Adhikaraṇa***)	dev-e	deva-y-os	deve-ṣu	**T**: "ing Déwa" **D**: "ing Déwa loro" **J**: "ing Para Déwa"

Tembung kriya

Basa Sangsekerta mbédakaké telung warna tembung kriya kang biyasa diarani aktif, médial lan pasif.[31][32] Istilah ing basa Sangsekerta dhéwé kanggo aktif iku *parasmaipadam* lan kanggo médial *ātmanepadam*.[31] *Paraismapadam* iku dienggo kanggo wong liya utawa 'transitif' kamangka *ātmanepadam* iku dienggo awaké dhéwé utawa réflèksif.[31]

Mèmper ing tembung aran, tembung kriya uga didéklinasi mawa telung cacah: singularis utawa tunggal,dualis, lan jamak.[31]

Tembung camboran

Artikel utama: *Tembung camboran ing basa Sangsekerta*

Kompositum utawa tembung-tembung camboran ing basa Sangsekerta akèh banget ditrapaké, mligi kang magepokan karo tembung aran.[33] Ing basa Wéda tembung-tembung camboran iki isih prasaja.[33] Nanging sawisé iku mligi para pujangga *Kāvya* olèhé nganggo dadi saya ndadra lan tetembungan kaya mengkéné iki bisa dawa banget kasilé.[33] Sacara nominal tembung majemuk iku wanguné kanthi morfologis sajatiné padha waé, mesthi kabangun saka rong tembung aran.[34] Nanging rong tembung aran iki bisa dadi péranganing kompositum liyané.[34] Saben tembung aran (utawa tembung sipat) ing wujud dhasaré karo unsur pungkasan waé kang didéklinasi miturut kasusé.[33] Miturut Gonda ana lima wangun kompositum, ya iku *Dvandva*, *Avyayībhāva*, *Tatpuruṣa*, *Karmadhāraya* lan *Bahuvrīhi*.[35]. Saliyané iku isih ana *Dvigu*.[36]

Dvandva

Tembung camboran jinis *dvandva* iku lumrahé kawujud saka rong unsur tembung aran lan bisa dipertal mawa tembung 'lan'.[37] Tuladhané *hastyaśvau* "gajah lan jaran" saha *sukhaduḥkam* "suka lan duka, seneng lan sangsara".[37]

Tatpuruṣa

Tembung camboran iki lumrahé gabungan antara tembung aran lan tembung kriya.

Avyayībhāva

Karmadhāraya

Bahuvrīhi

Bahuvrīhi iku tembung camboran kang artiné iku wis dadi arti turunan. Contoné tembung *bahuvrīhi* iku kanthi harafiah tegesé "akèh beras" nanging arti turunané dadi "wong sugih" awit wong kang bisa nduwé beras akèh iku wong kang sugih.

Dvigu

Tembung camboran *dvigu* iku tembung camboran kang dumadi saka rong unsur: tembung wilangan lan tembung aran.[36] Contoné ya iku *dvi-gu* kang tegesé "regané rong lembu".[36] *Dvigu* iku sajatiné kalebu tembung camboran *tatpuruṣa*[36]

Cathetan suku lan réferènsi

1. "Comparative speaker's strength of scheduled languages − 1971, 1981, 1991 and 2001" (https://web.archive.org/web/20090411183701/http://www.censusindia.gov.in/Census_Data_2001/Census_Data_Online/Language/Statement5.htm). *Census of India, 2001*. Office of the Registrar and Census Commissioner, India. Diarsip saka sing asli (http://censusindia.gov.in/Census_Data_2001/Census_Data_Online/Language/Statement5.htm) ing 11 April 2009. Dijupuk 31 December 2009.
2. **Masalah sitiran: Tenger `<ref>` ora trep; ora ana tèks tumrap refs kanthi jeneng `Banerji 1989`**
3. Hammarström, Harald; Forkel, Robert; Haspelmath, Martin, eds. (2017). "Sangsekerta" (http://glottolog.org/resource/languoid/id/sans1269). *Glottolog 3.0*. Jena, Jerman: Max Planck Institute for the Science of Human History.
4. Encyclopaedia Britannica, diaksès tanggal 9 April 2011 (http://www.britannica.com/EBchecked/topic/268173/Hittite-language)
5. Dokumèn ing basa Hitit luwih tuwa tinimbang tèks basa Sangskerta kang tuwa dhéwé: *Encyclopaedia Britannica* diakses tanggal 9 April 2011 (http://www.britannica.com/EBchecked/topic/268173/Hittite-language)
6. basa suci liya agama Buda iku basa Pali.*Encyclopaedia Britannica* (http://www.britannica.com/EBchecked/topic/439818/Pali-language)
7. "to put together, compose, arrange, prepare", miturut Monier-Williams (1899:1120)
8. Witzel, Inside the Texts-Beyond the Texts, harvard 1997
9. Pollock (2001:393)
10. Oberlies (2003:xxvii-xxix)
11. Hock, H. "Language death phenomena in Sanskrit: Grammatical evidence for attrition in contemporary spoken Sanskrit" in Studies in the Linguistic Sciences v.13 no.2 1983 Dept. of Linguistics, University of Illinois at Urbana-Champaign Dept. of Linguistics
12. Poerwadarminta (1953:3)
13. Zoetmulder (1995:xiv)
14. Gonda (1966:9)
15. Haryati Soebadio (1983:1)
16. Gonda (1966:2,9)
17. Monier-Williams (1899:xxxvi)
18. Haryati (1983:2)
19. Zoetmulder (1995:xviii-xix)
20. http://www.sanskritweb.net/deutsch/ipa_sans.pd
21. Gonda (1966:13)
22. Gonda (1966:14)
23. http://titus.uni-frankfurt.de/texte/etcs/ind/aind/mbh/mbh.htm?mbh347.htm
24. Salomon (1998), p. 86
25. Staal, J.F. (1967), *Word Order in Sanskrit and Universal Grammar* (http://books.google.com/?id=VqihQhNkqu4C&pg=PA28&lpg=PA28&dq=free+order), Springer Science & Business, ISBN 9789027705495
26. Gillon, B.S (March 25, 1996), "Word order in Classical Sanskrit" (http://cat.inist.fr/?aModele=afficheN&cpsidt=2875140), *Indian linguistics* **57** (1–4): 1, ISSN 0378-0759 (https://www.worldcat.org/issn/0378-0759)

27. Haryati Soebadio (1983:9-10)
28. http://www.chass.utoronto.ca/epc/srb/cyber/man3.html
29. Haryati Soebadio (1983:9)
30. Haryati Soebadio (1983:11)
31. Haryati Soebadio (1983:33)
32. Gonda (1966:43)
33. Haryati Soebadio (1983:87)
34. Gonda (1966:81)
35. Gonda (1966:82-84)
36. Monier-Williams (1899:504)
37. Gonda (1966:82)

Pratélan pustaka

- Jan Gonda, 1966, *A Concise Elementary Grammar of the Sanskrit Language*, Tuscaloosa and London: The University of Alabama Press. Translated from the German by Gordon B. Ford, Jr. ISBN 0-8173-0072-4
- Sir Monier Monier-Williams, MA K.C.I.E., 1899, *A Sanskrit-English Dictionary*. Oxford: Oxford University Press
- W.J.S. Poerwadarminta, 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Djakarta: Noordhoff-Kolff N.V.
- Prof. Dr. Ny. Haryati Soebadio, 1983, *Tatabasa Sanskerta Ringkas*, Jakarta: Djambatan
- P.J. Zoetmulder bekerja sama dengan S.O. Robson, 1995, *Kamus Jawa Kuna-Indonésia*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama. Penerjemah Darusuprapta, Sumarti Suprayitna ISBN 979-605-346-4

Uga delengen

- basa Pali

Pranala njaba

- Bausastra sajroning jaringan (http://webapps.uni-koeln.de/tamil/)
- Bausastra Monier-Williams kanggo diundhuh (http://indica-et-buddhica.org/?q=node/8)

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Sangsekerta&oldid=1516473"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 08.45, 22 Mèi 2020.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.